ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№198 (22.856) ● 2014 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 1, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2014 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м зыгъэпсэхугъуэ махуэру гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм къыз3рыхилхьаныр тету, Къурмэн махуэш-хуэр зэрагъэлъапІэм къыхэкІыу **унафэ щІ**:

1. 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м зыгъэпсэхугъуэ махуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыГъэувын.

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщыгъадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм и 29-м
№185-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм я лэжьыгъэм и сэбэпынагъыр зыхуэдизыр къыз3ралъытэм теухуауэ 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 28-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №607-р гъэзэщІэн и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыз3фІагъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2013 гъэм мэкъуаугъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ:

1. 2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и сэбэпынагъыр зыхуэдизыр къыз3ралъытам тещІыхьауэ хуагъэфащэ увыпІэхэмрэ грантхэмрэ мыбы щІигъу гуэдзэным къыз3рыщІыгъэлъэгъуам хуэдэу къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 14-рэ мин 200-рэ текІуахэм яхуохьын.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм 17-м
№112 -РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм фокІадэм и 17-м къыдигъэкІа унафэ №112-РГ-мкІэ къащтащ

2013 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и сэбэпынагъыр зыхуэдизыр къыз3ралъытам къыриІуахэм ятещІыхьауэ увыпІэхэмрэ грантхэмрэ

Зэрытрагуэшар

Муниципальнэ къызэгъэпэщыныгъэм зэреджэр	УвыпІэр	Грантыр зыхуэдизыр, мин бжыгъэкІэ
Япэ гупым		
Налшык къалэ округ	I увыпІэр	3286,6
Бахъсэн къалэ округ	II увыпІэр	1446,7
Етіуанэ гупым		
Шэджэм муниципальнэ район	I увыпІэр	3122,1
Іщцкьэмахуэ муниципальнэ район	II увыпІэр	1611,2
Ещанэ гупым		
Бахъсэн муниципальнэ район	I увыпІэр	2512,3
Аруан муниципальнэ район	II увыпІэр	2221,1

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэр щІымахуэм зэрыхуэхьэзырым депутатхэр егъэпІейтей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хэхьигъэщІэм и президиумым и яп3 зэІущІэм Правительствэм щыхуааха зэманым хиубыдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хыхь Іуэхущ1апІэкІэ 2014 - 2015 гъэхэм я бжыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнym зэрыхуэгъэхьэзырым. Апхуэдэ псалъэмакъыр ирагъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкіэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкіэ и комитетым и жэрдэмкіэ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэлагъы Борис зэрыжиІамкІэ, унэхэр щагъэпІыну лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр яГъэувауэ щыта графикым тКІийуэ тету йокІуэкІ. ЩІымахуэм республикэр хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр щызэблэу къэмыхъун папщІэ Іэнатіэхэр зыхуей хуэгъэзэным хухаха сом мелуан 611,27-м щыщу 2014 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьлІэу сом мелуан 482,762-рэ къаутІыпщащ.

- Ику иту къапщтэмэ, - жиІащ доклад зыщІам, - КъБР-м и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр дызыхуэкІуэ щІымахуэ лъэхъэнэм фокІадэм и 25-м ирихьлІэу процент 98,8-кІэ хуэхьэзыру щытащ.

Министрым и къуэдзэм и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, псэупІэ унэхэм ящыщ куэдым я унащъхьэхэр, абыхэм щІэт инженер Іэмэпсымэхэр, бжьамий зэмылІэужьыгъуэхэр зэрагъэпэщыжащ. Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнym зэрыхуэхьэзырымкІэ паспортхэр гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хиубыдэ предприятэхэм я нэхъыбэми кратыжащ.

А псоми кьадэкІуэ Іэнатіэм щызэпрагъпхьащ зэкІэлъымыкІуагъэхэр къэхъумэ зэрагъэпэщыжьын папщІэ мардэкІэ зыхуейнym хуэдиз гъэтІылъыгъэхэр. Апхуэдэу «Роснефть» акционер зэгурыкъэнымкІэ зэІукъэм гурыІуащ къызэрыкІыу щытыкІэ щхьэхуэхэр къыкъуэкІмэ къагъэсбэ-пын папщІэ дизель гъэсныпхъэ къахуишэну.

Ауэ республикэм и псэупІэ-коммунальнэ комплексым щІэ щытыкІэм ущыхэпІэкІэ къыбгуроІуэ, сыт хуэдиз лэжьыгъэ иращІэкІмэ, инженер сетхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ я щытыкІэр зэкІэлъымыкІэуэ, щІыхьауэ хуагъэфащэ увыпІэхэмрэ грантхэмрэ мыбы щІигъу гуэдзэным къыз3рыщІыгъэлъэгъуам хуэдэу къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкІыу сом мелуан 14-рэ мин 200-рэ текІуахэм яхуохьын.

3. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм фокІадэм 17-м
№112 -РГ

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэр щІымахуэм зэрыхуэхьэзырым депутатхэр егъэпІейтей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и хэхьигъэщІэм и президиумым и яп3 зэІущІэм Правительствэм щыхуааха зэманым хиубыдэу депутатхэр тепсэлъыхьащ КъБР-м и гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хыхь Іуэхущ1апІэкІэ 2014 - 2015 гъэхэм я бжыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнym зэрыхуэгъэхьэзырым. Апхуэдэ псалъэмакъыр ирагъэкІуэкІащ КъБР-м и Парламентым Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкіэ, гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкіэ и комитетым и жэрдэмкіэ.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Бэлагъы Борис зэрыжиІамкІэ, унэхэр щагъэпІыну лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыныр яГъэувауэ щыта графикым тКІийуэ тету йокІуэкІ. ЩІымахуэм республикэр хуабэкІэ къызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьыгъэр щызэблэу къэмыхъун папщІэ Іэнатіэхэр зыхуей хуэгъэзэным хухаха сом мелуан 611,27-м щыщу 2014 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьлІэу сом мелуан 482,762-рэ къаутІыпщащ.

- Ику иту къапщтэмэ, - жиІащ доклад зыщІам, - КъБР-м и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэр дызыхуэкІуэ щІымахуэ лъэхъэнэм фокІадэм и 25-м ирихьлІэу процент 98,8-кІэ хуэхьэзыру щытащ.

Министрым и къуэдзэм и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, псэупІэ унэхэм ящыщ куэдым я унащъхьэхэр, абыхэм щІэт инженер Іэмэпсымэхэр, бжьамий зэмылІэужьыгъуэхэр зэрагъэпэщыжащ. Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнym зэрыхуэгъэхьэзырым. Апхуэдэу «Роснефть» акционер зэгурыкъэнымкІэ зэІукъэм гурыІуащ къызэрыкІыу щытыкІэ щхьэхуэхэр къыкъуэкІмэ къагъэсбэ-пын папщІэ дизель гъэсныпхъэ къахуишэну.

Ауэ республикэм и псэупІэ-коммунальнэ комплексым щІэ щытыкІэм ущыхэпІэкІэ къыбгуроІуэ, сыт хуэдиз лэжьыгъэ иращІэкІмэ, инженер сетхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ я щытыкІэр зэкІэлъымыкІуагъэхэр къэхъумэ зэрагъэпэщыжьын папщІэ мардэкІэ зыхуейнym хуэдиз гъэтІылъыгъэхэр. Апхуэдэу «Роснефть» акционер зэгурыкъэнымкІэ зэІукъэм гурыІуащ къызэрыкІыу щытыкІэ щхьэхуэхэр къыкъуэкІмэ къагъэсбэ-пын папщІэ дизель гъэсныпхъэ къахуишэну.

Ауэ республикэм и псэупІэ-коммунальнэ комплексым щІэ щытыкІэм ущыхэпІэкІэ къыбгуроІуэ, сыт хуэдиз лэжьыгъэ иращІэкІмэ, инженер сетхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ я щытыкІэр зэкІэлъымы-

● Фэеплъ

Абхъазым и утым

1992 - 1993 гъэхэм екІуэкІа куржы-абхъаз зауэм текІуэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа ди къуэшхэм я махуэм ирихьлІэу Налшык щыІэ Абхъазым и утым къекІуэлІащ абы щызэуахэр, хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэр, благъэхэр.

- ЗАУЭМ кърикІуа щхьэусыгъуэкІэ уэлІущІэныр, дауи, гуауэщ. Абхъазым и щхьэхуитыныгъэм зи псэ щІэзытахэр дуней ящІэнымкІэ къэмыхъуэпсэну Алыхьым жиІэ. КъекІуэлІахэм псапэу Тхьэм кьывитыж, - жиІащ Абхъазыр щхьэхуит къзэщІыжахэм я зэгухьэныгъэм хэт Шорэ Анзор.

ХэкІуэдахэм я псэм тхьэ хуелъэІуа нэужь, фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъуэгухэр

Дыгъэгъазэм и кІэ пщІондэ

Мы гъэм ирагъэкІуэкІыну гъэзэгъэхэм текІуэныгъэ зыгъэгъэхэм я Правительствэм кьищта программэм зэрыщыубзыхуам тету, километри 8 хъу «Налшык - Нартхъалэ» автомобиль гъуэгур зэгъэпэщыжьын щІадзащ. Зи пІалъэр икІа асфальтыр трах, Аруан псым телъ лъэмыжьыр ремонт ящІ.

АПХУЭДЭУ километри 8,5-рэ зыубыда «Арщыдан - Арщыдан Ипщэ» гъуэгури зыхуей хуагъазэ.

Зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэр дыгъэгъазэм и кІэм ящхьу я мурадщ.

КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налшык

Хэкіыпіэфі къагъуэт

Налшык къэлэ администрацэр нужь ихьащ Шортэнымрэ Головкомрэ я уэрамхэм транспортыр щызэтримыхьан папщІэ хэкІыпІэ щхьэхуэхэр къэлъыхъыным.

МЫПХУЭДЭ щытыкІэр къызыхэкІыр гурыІуэгъуэщ: щхьэрым дэт сымаджэщ №1-м къекІуалІэ автомашинэхэр куэдыщэ зэрыхъумрэ абыхэм увыІэпІэ зэрамылІэмрэщ.

Шортэнымрэ Головкомрэ я уэрамхэм щыпсэухэм къалащхьэм и администрацэм зыхуагъэзащ, Іуэху щытыкІэм хэпІъэну лъаГъэхэу. Іуэхум лъэныкъуэ куэдкІэ щыхэпІащ икІи Головком и уэрамым асфальткІэ хэщІыкІа автомашинэ гъэувыпІэ щащІыныр нэхъ кьеззэгъуу къалъытащ. Шэч хэлъхьам, увыІэпІэр хьэзыр хъумэ, щІыхуэкІи транспорт зезыхуэхэри зэрытыншыжынум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Прохладнэ щІынатъэ

Гулъытэ хуащІ

Украинэм къикІауэ Прохладнэ къалэм пІалъэкІэ щыІэ унагъуэхэм защІигъэкъуащ «Велес-Агро» компанием.

МЫ Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Бэшорэ Алим и жэрдэмкІэ къыхалъхьа псапащІэ акцэр щекІуэкІащ щІыхум социальнэ Іуэхутхьабзэ яхуэщІэнымкІэ Прохладнэ дэт центрым.

«Велес-Агро»-м кьыбгъэдэкІыу сабий къэс сом мин тхурытху, балигъхэм сом мин щырыщ иратащ. Абы къыщынэмыщІауэ, унагъуэхэм ерыскъыхэкІхэр куэду кьыхуащащ. Зи лъахэ кьрахуауэ щытыкІэ гугъум нобэ ит щІыхуэм компаниер ятпэІэбащ псори зэхэту сом мин 61-кІэ.

Украинэм къикІахэм фІыщІэ ин къыхуащІащ апхуэдэ гулъытэрэ гущІэгъурэ къахуэзыщІахэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Акъылыр зыгъэутхъуэ псори фадэщ

Къару къыпхъэзылъхьэу, дэрэжэгъуэ къызыту абж «энергетикэр» фадэхэкІхэм ящыщу къэлъытэным техуха законопроект щагъэхьэзыр Къэрал Думэм.

А жэрдэмыр къыхэзылъхьа, къэралым и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым хэт Фургал Сергей къызэриІытэмкІэ, апхуэдэ псыхэкІ лІэужьыгъуэхэр емыгъэщхэхэным теухуауэ нэхъапэІуэкІэ къыхалъхьа законопроектым лъабжьэ иІэкъым.

«А проектым тепщІыхьмэ, дэ едгъэщэн хуейкьым сырри, нэгъэщІ фадэ пІэужьыгъуэхри. Нэхъ тэмэмыр «энергетик» жыхуэтІэхри фадэхэкІхэм хэгъэхьэным теухуа хабзэ къэщтэнырщ, - жиІащ депутатым. - Таурин, кофеин пкъыгъуэхэм хуэдэхэр щыхэткІэ, абыхэм ныбжьыщІэхэм я акъылхэр ягъэутхъуэ. АтІэми, акъылыр зыгъэутхъуэ псори фадэщ е наркотикщ. Ар тегъэщІапІэ тщІыуэ, щІалэгъуалэр яфІэфІу зэфэ а лІэужьыгъуэхэри фадэхэкІхэм яхэгъэхьэн хуейуэ аращ хэкІыпІэр. Апхуэдэ хабзэ къатщтэмэ, «энергетикхэр» зэман пыухыкІакІэ ящуу, апхуэдэуи балигъыпІэ иувахэм фІэкІа ар иращэну хуимыту дгъэувыфынущ».

● Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дунейпсо махуэщ

● Музыкэм и дунейпсо махуэщ

● УФ-м и лъэсыдзэм и махуэщ

● Китайм и лъэпкъ махуэшхуэщ. 1949 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къызэрагъэпэщащ Китай ЦІыхубэ Республикэр.

● Узбекистаным щагъэлъапІэ егъэджакІуэмрэ гъэсакІуэмрэ я махуэр.

● 1924 гъэм Налшык егъэджакІуэкІэ щагъэхьэзыр техникум къыщыдзэІуахащ.

● 1933 гъэм Налшык Лениным и цІэр зэрихьэу дэт еджапІэ къалэ цІыкІум къыщызэрагъэпэщащ лъэпкъ студие.

● Къэбэрдей тхакІуэ, драматург **Нало Жансэхъу** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

● Дзэ къулыкъущІэ, генерал-майор **Хъуэт Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

● Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ **Къущхьэ Амырхан** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

● Адыгей усакІуэ, тхакІуэ, критик **Ергъукъу-Шащ1э Шэмсиет** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градус 11 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

УиІэ псори сиІэ нэхърэ, узыщыгугъыр сиІащэрэт!

Япэ дыдэу щокІуэкІ

Дыгъуасэ Налшык щызэхаублащ Урысей МЧС-м и щІыналъэ центрхэмрэ еджапІэхэмрэ я командэ къыхэхахэр зыхэт футбол цІыкІумкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэр. Ар спорт лІэужьыгъуэ 10 къызэщІэзыубыдэ Урысей Федерацэм и МЧС-м и спартакиадэм и зы Іыхьэщ.

● Спартакиадэ

Уянаев Кязым и псалъэ.

ИДЖЫ япэу ди республикэм щрагъэкІуэкІ апхуэдэ зэпеуэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэнущ Урысей МЧС-м и щІыналъэ центрхэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Мэзкуу краснэм, Кърым Республикэм щыІэхэм, Урысей МЧС-м и ГПС-м и академиемэ, Граждан зыхъумэжьныгъэмкІэ академием, Урысей МЧС-м и Санкт-Петербургуниверситетым, УФ-м и МЧС-м и Іванووскэ Воронеж, Уральскинститутхэм футбол цІыкІумкІэ я командэ кьыхэхахэм.

ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту зэхьэзэхуэр къыщызэІуахащ «Спартак» республикэ стадионым. Урысей МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэ центрым и унафэщІэхэм кьабгъэдэкІыу къызэхуэсахэм фІэхьыс псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ центрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ генерал-майор Пленников Виталий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ зэхьэзэхуэм кьрихьэлІахэм я пащхьэм къыщыпсэльащ КъБР-м и Правительствэм и тхьэмадэм и яп3 къуэдзэ, Къызэрыкъуэ щытыкІэхэм защыхъэмынымрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьыныкІэ, мафІэс шынагъынэщІагъэр къызэрэпэщыныкІэ комиссэм и унафэщІ Уянаев Кязым.

- Ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ хьэщІагъэ щызекІуэ Урысей-Балъкъэр щІыналъэм. Футбол цІыкІумкІэ урысей зэхьэзэхуэр ди щыхьэр Налшык зэрыщекІуэкІыр пщІэщ, щІыхьщ. ИпэжьыпІэкІэ ди лъахэр спорт щІыналъэщ. Зэпеуэм зэныбжьэгъугъэр, зыззэхэщІыкІныр, дзыхь зэхуэщІныр щытепщэмэ, ди гуапэщ. Спортсменхэм зэушащагъэ мыкІуэщІ фІэну, текІуэныгъэхэр зыІэрыгъэхьэну си гуапэщ, - жиІащ Уянаевым.

КъыкІэпхьыкІуэ псалъэ зрата Урысей МЧС-м и центральнэ спорт клубым и унафэщІым и къуэдзэ къэрал кІуэцІ къулыкъым и полковник Мишакин Вячеслав КъБР-м спортымкІэ и министр АфІэунэ Аслъэн Къэбэрдей-Балъкъэрым физкультурэм зыщІегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІым, цІыхубэ спорт Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІыныкІэ Урысей МЧС-м и Іэнатіэхэм зэрадэлажьэм папщІэ Урысей МЧС-м и щІыхь тхьилъ къриитащ.

Зэхьэзэхуэм и ныпыр яІэтыну хуит ящІащ футбол цІыкІумкІэ нэгъабзэрей зэхьэзэхуэм щытекІуэ Урысей МЧС-м и Сыбыр щІыналъэ центрым и командэм и лІыкІуэхэм.

Зэпеуэ гуащІэр кьызыпэплъэ спортсменхэм, хьэщІэхэм я гукъыдэжыр кьаІэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамбльым и солистхэу Дер Мухьэмэдрэ КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Къуэныкъуэй Иринэрэ.

Зэхьэзэхуэр махуищкІэ екІуэкІынущ.

УАРДЭ Женя.

Сурэтхэр **Елъкъэн Артур** *трихащ.*

● АПК

Дунейм и щытыкІэм зыдащІ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм хьыбар къызэриІатмкІэ, ди республикэм и мэкъумэщ ІэнатІэхэм мы гъэм хъарбызу гектар 260-м нэс щыхасащ. Мэкъумэщ предприятэхэм абы щыщу хасащ гектар 29-рэ, уней хозяйствэхэм - 27-рэ, мэкъумэщ-фермер хозяйствэхэмрэ ИП-хэмрэ - 203-рэ. Хъарбыз бэ щІым къытекІыныр, зэрыгурыІуэгъуэщи, дунейм и щытыкІэм лъэныкъуэ куэдкІэ екъэлІащ икІи абыкІэ бжьыпІэр яІыгъщ гъэмахуэр щыпхъэ уэгъу Тэрч, Прохладнэ, Май районхэм я тафэтес хозяйствэхэм. Мы гъэм абыхэм кьакІэрыхуакъым Аруан куейри. Абы гектар 27-рэ къыщрахьэлІэжащ.

Илъэс блэкІам ди республикэм хъарбызу гектар 400-м нэблагъэ яІащ. Ар мы гъэм щІагъэмэщІам и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ гъавэм щы нэхъыбэ зэрыхуахьыжар. 2013 гъэм хъарбыз зыщІа СХПК-хэми уней хозяйствэхэми яхэтщ мы гъэм ар нартыхуКІэ зэзыхъуэкІахэр. ТІум щыгъуэми мэкъумэщыщІэхэр хилъэфа хуэдэкъым.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Министрым и къуэдзэ Бэлагьы Борис.

Республикэр щIымахуэм зэрыхуэхьэзырым депутатхэр егъэпIейтей

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ кап.).

Сыт хуэдэу Iэхум емыгугъуами, зыхунэмыса лэжьыгъэ куэд иджыри кьалэм щыIэщ. Кьалэ Iэтащхьэм и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, Налшык и ипщэ лъэныкъуэм щыIэ котельнэ иным кьыщегъажьауэ Кировымрэ Тэрчокъуэмрэ я уэрамхэм ирикIуэ бжьамийхэр илъэс 30-м щIигъуауэ щIым щIэлъщ икIи абыхэм ящыщу метр 500-м щIигъу фIэкIыпIэ имыIэу зэрахъуэкIын хуейщ. ИкъукIэ жьы хъуащ КъалмыкъыМ и цIэр зезыхьэ уэрамым тет котельнэри.

Псом хуэмыдэу зэкIэлъымыкIуэщ жьэн узым щеIэзэ диспансерым и пщIантIэм дэт котельнэр. Абы кьыбгъэдэкI бжьамийхэр зэрахъуэкIын зэрыкуейрэ Iэджэ щIащ. Апхуэдэу трансформаторхэмрэ псыр зэрагъэхуагъэ котелхэмрэ щIэуэ я къамыщэхуу хъунукъым.

- Къзэгъэлъэгъуа а уэхуэныгъэхэмрэ Iэхуущ1апIэхэмрэ зэгъэпэщыжьынымкIэ текIуэдэну ахъшэр Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэжIыну кьытхуауТIыпщыну дыщIэлъIуа щыхьэкIэ, зэкIэ а Iэхуум унафэ пыухыкIа тращIыхьакъым, - жиIащ кьалэ Iэтащхьэм и къуэдзэм.

ЩIымахуэ лъэхъэнэм кьалэдэсхэр гугъу емыхьын папщIэ дяпэкIи лэжьыпхъэхэр мащIэкъым. Къапщтэмэ, котельнэм кьыбгъэдэкIыу иджыпсту псы хуабэ кьэкIуалIэрэкъым Тэрчокъуэм и уэрамым тет общежитэм унэм. Лэжьыгъэ пыухыкIэхэр щыхэфIагъэкIын хуейщ Калининым и уэрамым тет унэ №250-м, «Тэрч» санаторэм, Фурмановым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет котельнэм, кьалэм дэт общежитэм ящыщу тIум.

Тонконог Анна кьыхиГъэщхьэхуКIащ фэтэр куэд хъу унэхэр зыхуей хуэгъэззэнымкIэ кьабгъэдэхуэ кьалэнхэр апхуэдэ унэхэр зезыхьэ компаниехэм, унэр зи мылькуу щытхэм я зэгъэныгъэхэм, псэупIэ зыухуэ компаниехэм я унафэщI щхьэхуэхэм нэсу кьаззэрыгуфIыуэр.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, фэтэр куэд хъу унэхэр зэрахьэн ямыдэу хьIфIэзыдзэж компаниехэр щыIэщ. Иджыпсту кьалэм дэт унэу 50-м щIигъур зезыхьэнур ямыубзыхуауэ иокIуэкI. Ахэр компание пыухыкIахэм егъэбыдыIащ икIи абыхэм я кьалэнщ а унэхэр щIымахуэ зэманым хуагъахьэзырыну, ауэ кьапэщыт кьалэнхэр игъэзэщIэн зымыдэж компаниехэр кIуатэху нэхъыбэ мэхъу, - жиIащ къэпсалъэм.

Абы кьызэрилъытэмкIэ, властым и органхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм егъэбыдыIа кIэлъыплъакIуэ органхэмрэ егупсысыпхъэщ псэупIэ унэхэр зезыхьэ компаниехэм я унафэщIхэми псэупIэ-коммунальнэ Iэхуущ1апIэхэм кьэзыгъэсэбэлэхми кьабгъэдэхуэ кьалэнхэмрэ яIэ хуитыныгъэхэмрэ кьагурыгъэIуэным.

- Унэхэр щагъэплъ лъэхъэнэм лэжьыгъэхэр щызэблэу кьыхэмыкIыу едгъэкIуэкIыфынэу дыщогугъ, - и псалъэр щиухым кьыхигъэщхьэхуКIащ Тонконог Анна.

Кьэна лэжьыгъэ псори зэфIагъэкIын папщIэ зэман куэд щыIэжкъым. Псори зэрызыщыгъуаззэщи, унэхэр ягъэплIу щIадзэн хуейщ, ику иту хуабэр градуси 8-м нэмысу махуи 5-кIэ екIуэкIа нэужь.

Прохладнэ кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и дэIепыкъуэгъу Пунаржи В. кIэщIу тепсэлъыхьащ кьалэм и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхур иджыпсту зэрыщытым икIи хэхуэу кьиргъэлъэгъащ псэупIэ унэхэр гъэплъыным зэрыхуагъэхьэзырым.

Президиумым и зэIущIэм хэтахэм зэрыжаIамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ комплексым и фонд нэхъыщхьэхэр жьы дыдэ хъуащ. Абы кьыдэкIуэу мы Iэнатl эм кьыщагъэсэбэпыркъым цIыхухэм хуащIэ Iэхуутхьэбзэхэм текIуадэ мылькумрэ ахъшэмрэ гъэмэщIэным тезыгъэгушхуэ Iэмалхэр. Бизнесыр нэсу кьызэрыхэмыхьам кьыхэкIыу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм лэжьыгъэрэ уасэкIэ щызэпеуэзэри щыIэкъым. Абы кьыхэкIыу предприятхэм фейдэ кьэлэжьыным щегугъуркъым.

ЩIымахуэ лъэхъэнэм унэхэр зэрагъэплъынум зэрытепсэлъыхьам кьыдэкIуэу депутатхэм кьаIэтащ зэрыщыту псэупIэ-коммунальнэ комплексыр кьэзыплъахъэ гугъуехь псори кьызэщIэзыубыдэ упщIэхэр. Абыхэм кьыхагъэщхьэхуКIащ кьагъэсэбэп хуабэм и уасэмкIэ цIыхухэм ятепъ щIыхуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум зэригъэпIейтеР. Бэлэгъы Борис зэрыжиIамкIэ, газым и закъуэ хуэзэу нобэм ирихьэлIэу зэтрихьа щIыхуэр псом меларди 4-м щIегъу.

- Апхуэдэу щыт пэтми, - кьигъэлъэгъуащ министрым и къуэдзэм, - «Газпром Межрегионгаз Пятигорск» жэуап зэхэгъэщхьэхуКIа зыхь зэгухьэныгъэм и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щIэм хуабэ-энергетикэ комплексым газыр ягъэуза лимитхэм тету хуиутIыпщынущ, унэхэр зэблэу кьыхэмыкIыу ягъэплъын папщIэ.

Депутатхэр апхуэдэу щIэупщIащ фэтэр куэд хъу унэхэм щIэт лифтхэр зэрызэрахьэм, щIэуэ яухуэу унэхэр ягъэплъын папщIэ щIадзэурэ Iэмэпсымэхэр зыхуэдэм, республикэм бжьамийкIэ Iэрыхьэ гъэзым и Iуэхущ1апIэу КъБР-м щIэм хуабэ-энергетикэ комплексым газыр ягъэуза лимитхэм тету хуиутIыпщынущ, унэхэр зэблэу кьыхэмыкIыу ягъэплъын папщIэ.

Законхэр кьыдэзыгъэкI щагъэнэжьыщхьэ и президиумым и яIэ зэIущIэм зэрыщыщ Iэхуузмащцытепсэлъыхьащ. Абыхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм ятеуухуа положениэм и проектыр. Ар хагъэхьащ КъБР-м и Парламентыр 2014 гъэм и бжьыхьэ сессиэм зэлэжьыну Iуэху нэхъыщхьэхэм я плану.

Апхуэдэу ЕгъэджакIуэм и махуэр мыгувэу зэрагъэпэлъэнум кьыхэкIыу унафэ кьащтащ егъэджакIэныгъэм и Iэнатl эм ехъулIэныгъэ инхэр зэрыщагъэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ефджанIэхэм я лэжьакIуэхэу Жангуланов Шамшудин Ахьмэт и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ районым щыщ Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №2-м физкультурэмкIэ и егъэджакIуэм, Къэгъэзэж Тамарэ Суфэдин и пхъум - Нарткъалэ дэт лицей №1-м тхыдэмкIэ и егъэджакIуэм, Мэкъуауэ Наталье Иван и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджакъыгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм и «Прогимназие №34» зи школ щIэтIысхьэгъуэ мыхьуахэмрэ класс нэхъыщIэхэм щеджэхэмрэ зэкIуалIэ къэралI Iуэхущ1апIэм физкультурэмкIэ и егъэджакIуэм, Серебрянская Наталье Пётр и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэту Налшык къалэм дэт интернат школ №3-м и нэмысщбзэмкIэ и егъэджакIуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным теуухуауэ.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ Егъэджа1уэ хэхыныгъэм зэрыщытекIуам папщIэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу Парламентым хэт депутатхэм УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий къахуигъэхьа хъуэхъу телеграммэм.

БАТЫР Любэ,

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ Iэнатl эм и щIыналъэ Iуэхущ1апIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм къет

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иIа социально-экономикэ щытыкIэр

	2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм	2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм, проценткIэ	2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм, проценткIэ
Промышленностым и лэжьыгъэр	-	106,7	82,6
Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр, сом мелард	8,4	101,1	103,3
Автомобиль транспорткIэ хьэлъэу ягъэIэпхъуар, тонн-километр мелуан	21,4	90,8	101,0
Розницэ сатур, сом мелард	42,4	104,8	105,0
ЦIыхухэм пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэу хуащIар, сом мелард	11,6	103,6	105,4
«Хьуэныгъэ» лэжьыгъэ лIэужьыгъуэкIэ зэфIагъэкIар, сом мелард	2,3	120,5	101,3
ПсэупIэ унэу хьэзыр ящIар, метр зэбгъуэзнатIэ мин	93,0	109,8	101,1
ЩIэхуакIуэ уасэхэр зэрыхъуар, процент	-	106,7	109,0
Промышленностым и товархэр кьыщIэзэгъэкIэм ягъэува уасэхэр, процент	-	101,4	109,1
Ику иту зы цIыхум иIа хэхъуэр, маздэм сом	14492,2	109,7	112,7
ИпэжьпIэкIэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ ахъшэ хэхъуэр	-	105,7	103,4
Ику иту зы лэжьакIуэм хуатха мазэ лэжьапщIэр (хьэрычэт Iуэху мыин зезыхьэ Iэнатl эхэри хэту):	-	-	-
номинальнэу	18840,4	109,9	114,7
ипэжьпIэкIэ кьыщIэкIым тещIыхьауэ	-	102,9	105,2
Лъэхъэнэм и кIэм ирихьэлIэу лэжьапIэ ямыIэу официальнэу ятхахэм я бжьыгъэр, цIыху мин	8,6	99,4	89,8

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрстатым **СтатистикэмкIэ и регистрым** организацэу, абыхэм я филиалу е я Iэнатl э пыгъэщхьэхуКIаУэ 12629-рэ итащ.

Статистикэ регистрым ит организацэхэм я зэхуэдитIым щIигъур опт, розницэ сатум, автотранспортыр, мотоциклхэр, унагъуэ хьэпшыпхэр, цIыхум езым и щхьэкIэ кьигъэсэбэп Iэмэпсымэхэр зэзыгъэпэщыж Iэнатl эм, сырьем елэжь Iэнатl эм, мэкъумэш хозяйствэм, щакIуэ Iуэхум, мэз хозяйствэм я Iэнатl эхэм, ухуэныгъэм щыIащ.

Хозяйствэ зезыхьэ субъектэ 9456-р (учетым ита псоми я процент 74,9-р) унейщ.

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм **промышленностым и продукцэр** 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 106,7-рэ мэхъу.

Промышленностым и зэфIэкIым щIыхэхъуам и щхьэусыгъуэр сырьем елэжь Iэнатl эм хиубыдэ предприятхэм кьыщIагъакI продукцэр процент 6,9-кIэ, электрокъаруэ, газу, псыуэ кьалэжьымрэ трагуашэмрэ процент 6,7-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуарщ.

Сырьем елэжь Iэнатl эхэм ящыщу 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьыщIагъакI продукцэм нэхъ нэрыпIагъуу щыхэхъуаХэм ящыщщ машинэхэмрэ оборудованэмрэ кьыщIэзыгъэкI Iэнатl эр (хуэдэ 1,5-кIэ), металлургиемрэ металлхэм кьахэщIыкIа пкъыгъуэ хьэзырхэр кьыщIэзыгъэкI Iэнатl эмрэ (процент 48,8-кIэ), сырьем елэжь адрей Iэнатl эхэр (процент 44,4-кIэ).

КьыщIагъакI продукцэм апхуэдэу хэзыгъэхъуаХэм ящыщщ щэкI зэIуэщIэ, щыгъынхэр щад предприятхэр (процент 10,2-кIэ), фэ, фэм кьыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, ваКъэ зыщI предприятхэр (процент 18,1-кIэ), пхъэм елэжь, абы кьыхэщIыкIа продукцэ зыгъэхьэзыр Iуэхущ1апIэхэр (процент 9,6-кIэ), хьэфэмрэ пластмассэмрэ елэжь Iуэхущ1апIэхэр (процент 4,9-кIэ), металлым кьыхэмыщIыкIа адрей продукцэ кьыщIэзыгъэкI Iуэхущ1апIэхэр (процент 18,8-кIэ), электроIэмэпсымэхэр, электрон, оптикэ Iэмэпсымэхэр зыщI предприятхэр (процент 5,1-кIэ).

А псоми кьадэкIуэу нэрыпIагъу мащIэ хъуащ щыдагъэхэкIэхэр (процент 44,7-кIэ), целлюлоза-тхылымпIэ продукцэр, полиграфием и продукцэр (процент 31-кIэ), транспортрэ оборудованэу ящIыр (процент 31,3-кIэ), химием и продукцэр (процент 18,7-кIэ), ерыскъыпхъэхэр, абыхэм псы зэмылIэужьыгъуэхэмрэ тутынымрэ хэту (процент 10,9-кIэ).

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм «**ухуэныгъэ» Iэнатl эм ехьэлIауэ** сом меларди 2-рэ мелуан 300-рэ и уасэ е абы япэ ита гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 120,5-рэ ирагъэкIэкIащ.

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм псори зэхэту псэупIэу метр зэбгъуэзнатIэ мин 93-рэ кьиКIыу фэтэр 805-рэ хьэзыр ящIащ. 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ ар процент 9,8-кIэ нэхъыбэщ. Фэтэрхэр 2013 гъэм и япэ мазихым метр зэбгъуэзнатIи 114-рэ хъууэ щытамэ, иджы ар метр зэбгъуэзнатIи 115,5-м нос. ПсэупIэу хьэзыр хъуа псоми ящыщу метр зэбгъуэзнатIэ мин 70,8-р е хьэзыр хъуа псэупIэхэм я процент 76,2-р ящIар уней ухуэныгъэ езыгъэкIуэкIахэрщ.

Предприятэхэмрэ организацэхэмрэ фэтэр куэд хъу унэу 13 (фэтэр 337-рэ), псори зэхэту метр зэбгъуэзнатIэ мин 22,2-рэ ящIащ, блокIа илъэсым и япэ мазихым ельытауэ ар процент 32,8-кIэ нэхъыбэщ.

Мэкъумэш продукцэ къэзылэкIэ псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, хьэрычэтыщIэхэм, унагъуэхэм) 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм мэкъумэшхэкIыу сом меларди 22372,2-рэ и уасэ е 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 101,1-рэ хэхъажьащ.

Хозяйствэ псоми **гъатхэсэр зэрырагъэкIуэкIар зэхалъхьэжащ**. Мэкъумэш организацэхэм, кьуажэдэхэм я унагъуэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм псори зэхэту 2014 гъэм гъавэр гектар мин 294,6-м щытрасащ, ар 2013 гъэм трасауэ щытам хуэдиз мэхъу. Гъавапхъэ къэкIыгъэхэр гектар мин 208,7-м (нэгъабэ ельытауэ процент 0,3-кIэ нэхъ мащIэм), техническэ къэкIыгъэхэр гектар мин 36,5-м (процент 11-кIэ нэхъыбэм), кIэртIофыр, хъарбызхэмрэ хъуэунахэмрэ гектар мин 30,4-м (процент 4-кIэ нэхъ мащIэм), Iусыпхъэхэр гектар мин 19-м (процент 8,5-кIэ нэхъ мащIэм) халъхьащ.

Гъавапхъэхэр щытраса хьэсэ псори кьапщтэмэ, абыхэм я процент 44-р мэкъумэш организацэхэм, процент 49,4-р мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм, процент 6,6-р унагъуэхэм зэрахьэ.

Республикэм гъавэр щыIуахыж. 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м ирихьэлIэу, КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, гъавэр (нартыхуэр хэмыту), джашхэкIэр гектар мин 56-м щIыуахыжащ икIи гъавэу тонн мини 149,7-рэ кьыщIэлykIащ. Икиу иту зы гектарым гъавэ центнер 26,7-рэ кьытрах.

Iэщ лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и хозяйствэ псоми Iэщ бжьыгъэм щыкIэрыхуащ, джэдхъазым щыхэхъащ. Былымыр мин 265,6-рэ, (2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 4,6-кIэ нэхъ мащIэ), абы щыщу жэмыр мини 128,9-рэ (процент 5,1-кIэ), кьхъур мин 46,9-рэ (процент 4,1-кIэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ мин 378,1-рэ (процент 2,7-кIэ), джэдхъазым мин 3772,2-рэ хьууэ щытащ. ЦIыхухэм я уней щIалIэхэм щаIыгъщ былымым и процент 70-р, абы щыщу жэмхэм я процент 69,9-р, кьхъуэм я процент 7,5-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 57,8-р, джэдхъазым я процент 47,1-р фермер хозяйствэмрэ хьэрычэтыщIэ щхьэхуэхэмрэ, былымым и процент 16,9-р, абы хиубыдэу жэмхэм я процент 19-р, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ я процент 26,5-р, джэдхъазым и процент 23,5-р яIыгъащ.

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм мэкъумэш организацэхэм я Iэщым кIэрыху иIащ: былымым процент 0,5-рэ (2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм - процент 0,3-рэ), кьхъуэм процент 8,7-рэ (процент 7,2-рэ), мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процент 0,1-рэ (процент 0,2-рэ). Iэщу 100-м ятещIыхьауэ щIэжьейуэ кьащIэхъуэр нэхъ мащIэ хъуащ: шкIэкэр процент 30,6-кIэ, щынэхэмрэ чыцIхэмрэ процент 14,5-кIэ; кьхъуэшырхэр процент 22,2-кIэ нэхъыбэщ.

Хозяйствэ псоми IэщхэкI лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыщалэжьар мы къыкIэлъыкIуэхэм хуэдиз мэхъу:

	2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм		2012 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм, проценткIэ
	тонн мин	2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ, проценткIэ	
Лыуэ (яуКIын папщIэ ягъэшхэ Iэщымрэ джэдкъазымрэ зэрыпсэууэ шэчауэ)	41,5	104,3	103,6
Шэуэ	199,3	100,0	103,7
Джэдыкlэу, мелуан	87,8	100,2	101,8

Уней щIалIэхэр зезыхьэ цIыхухэм лым и процент 38,7-р, гъэшым и процент 66,4-р, джэдкIэм и процент 79,5-р, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэхэмрэ щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэмрэ лым и процент 27,2-р, гъэшым и процент 18,9-р, джэдкIэм и процент 0,5-р кьалэжьащ. Мэкъумэш организацэхэм я бжьыгъэхэр процент 36,1-рэ 14,7-рэ, 20 щохъу.

Япэ илъэс ныкъуэм **зы жэмым хуэзэу шэуэ** килограмм 2376-рэ (2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм килограмм 2225-рэ) кьыщIашащ, **джэд къэс хуэзэу джэдыкIэу** 108-рэ (2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм 111-рэ) кьыщIахащ.

Коммерческэ хьэпсэхэр автотранспорткIэ кьезышэкI организацэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу **хьэлъэу** тонн мин 381-рэ **ягъэIэпхъуащ**, ар 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 22,5-кIэ нэхъ мащIэщ. Хьэлъэу тонн-километр мелуан 21,1-рэ кьрашэкIащ, ар процент 9,2-кIэ нэхъ мащIэщ.

АвтобусхэмкIэ, маршрутхэм тет таксомоторхэмкIэ, троллейбусхэмкIэ **цIыху** мелуан 23,5-рэ кьрашэкIащ, ар 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 2,4-кIэ нэхъ мащIэщ. Псоми кьагъэсэбэп пассажир автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 2275-рэ) кьыщIашащ, **джэд къэс хуэзэу джэдыкIэу** 108-рэ (2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм 111-рэ) кьыщIахащ.

Коммерческэ хьэпсэхэр автотранспорткIэ кьезышэкI организацэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм кьриубыдэу **хьэлъэу** тонн мин 381-рэ **ягъэIэпхъуащ**, ар 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 22,5-кIэ нэхъ мащIэщ. Хьэлъэу тонн-километр мелуан 21,1-рэ кьрашэкIащ, ар процент 9,2-кIэ нэхъ мащIэщ.

АвтобусхэмкIэ, маршрутхэм тет таксомоторхэмкIэ, троллейбусхэмкIэ **цIыху** мелуан 23,5-рэ кьрашэкIащ, ар 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 2,4-кIэ нэхъ мащIэщ. Псоми кьагъэсэбэп пассажир автомобиль транспортым и зэфIэкIыр пассажир-километр мелуан 277,6-рэ хъуащ икIи нэгъабэ ельытауэ процент 26,1-кIэ хэхъуащ.

КъБР-м и МВД-м и УГИБДД-м кьызэритамкIэ, автомобиль гъэугуэхэм, жылагъуэхэм я уэрамхэм автотранспортым пыщIа щIэщхьэу 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм 287-рэ кьыщыхьащ, абыхэм щIыху 287-м фэбжь щагъэтащ. 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ гъуэгуэхэм кьыщыхьу щIэщхъуэр процент 23,7-кIэ, абыхэм фэбжь щызыгъуэтхэр процент 18,8-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ауэ экIуэдахэр процент 1,2-кIэ нэхъыбэщ.

2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм республикэм и щхъуакIуэ рынокым **щащIа розницэ сатур** 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 4,8-кIэ нэхъыбэщ икIи псори зэхэту сом мелард 42,4-рэ и уасэщ.

ЕрыскъыхэкIыу, фадэрэ псыуэ, тутыну цIыхухэм иращащ сом мелард 19,9-рэ и уасэ (нэгъабэ ельытауэ процент 106,7-рэ), ерыскъыпхъэхэм щымыщ товару сом мелард 22,5-рэ и уасэ (процент 103,2-рэ). Зы цIыхум тещIыхьауэ розницэ сатур 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ику иту мазэ къэс сом 8222-рэ мэхъу (2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм - сом 7351-рэ).

ПщIэ зыщIат Iуэхутхьэбзэу республикэм и цIыхухэм 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм сом мелард 11,6-рэ и уасэ хуащIащ, 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ ар процент 3,6-кIэ нэхъыбэщ. ПщIэкIэ цIыхухэм хуащIа Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу сервисым и Iуэхутхьэбзэхэр процент 23-рэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр процент 28,6-рэ хьууэ щатащ.

Зы цIыхум хуэзэу ику иту сом мин 13,5-рэ и уасэ Iуэхутхьэбзэ хуащIащ, абы щыщу сом мин 1,5-р зытекIуэдар унагъуэ Iуэхутхьэбзэхэрщ.

ИлъэсыР кьызэрихьэрэ товархэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щIат уасэхэр ику иту процентыр 103,1-кIэ, абы щыщу ерыскъыпхъэхэм я уасэр процент 104,1-кIэ, хьэпшыпхэм я уасэр процент 103,1-кIэ, Iуэхутхьэбзэхэм я уасэр процент 101,1-кIэ хэхъуащ.

ЩхъуакIуэ рынокым щызэблагъэкI **ерыскъыпхъэу** зи уасэхэм кIэлъыплъхэм ящыщу 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм нэхъ лъапIэ хъуахэм ящыщщ хадзэхкIэхэмрэ пхъэщхьэмыщцхъэхэмрэ. Псом хуэмыдэу я уасэм псынщIэу хэхъуащ хадзэхкIэхэм: пхъым - процент 51-кIэ, жэгундэм - процент44,9-кIэ,кIэртIофым-процент42-кIэ,бжьыным-процент 30,2-кIэ, хъабыстэм - процент 20-кIэ, пхъащхьэмыщцхъэхэм ящыщу мыIэрысэм - процент 31-кIэ, лимоным - процент 30,9-кIэ, жьзуымы - процент 24,6-кIэ. Абыхэм хьадзкIэу нэхъ лъапIэ хъуа шхыныгъуэхэм ящыщщ фошыгъур - (процент 26,4-кIэ), бдзэжьейр - (процент 18,5-кIэ), хугур - процент 17-кIэ, кьхъуэлыр - процент 13,7-кIэ.

А зэман дыдэм я уасэм кIэрыхуащ языныкъуэ хадзэхкIхэм (нащэм - процент 68,4-кIэ, помидорым - процент 26,7-кIэ), джэдыкIэм - процент 31,3-кIэ, апельсиным - процент 11,4-кIэ, щынэгъуэ джэдыкуэм - процент 7,1-кIэ.

Ерыскъыпхъэхэм ящымыщ адрей товархэр хьапщтэмэ, нэхъ псынщIэу зи уасэм хэхъуахэм ящыщщ тутыныр (процент 14,3-кIэ). ЩыгъынхэмрэщыщуНэхъ лъапIэ хъуащ шоколадкIуэхэм папщIэ щыгъынхэр (процент 11,6-кIэ). Ухуэныгъэм ирахьэлIэ материалхэм я уасэм процент 9,4-кIэ, лэч зэмылIэужьыгъуэхэмрэ пхъэупсахуэм кьыхэщIыкIа пхъэбгъуэхэмрэ процент 7,3-кIэ нэхъ лъапIэ хъуащ. Апхуэдэу я уасэхэр дэуещ зэрыжьыщIэ хьэжьигъэхэм процент 7,2-кIэ, печатым и продукцэм процент 6,2-кIэ, вакъэ зэмылIэужьыгъуэхэм процент 5,7-кIэ, автомашинэхэм ирагъахъуэ бензиным процент 4,5-кIэ. Зи уасэхэм кIэрагъэхуахэм ящыщщ сурэт зэрытрах аппаратхэр (процент 14,9-кIэ), зэрыжьыщIэ машинэхэр (процент 5,7-кIэ), компьютерхэр (процент 2,6-кIэ).

ЦIыхухэм хуащIэ Iэхутхьэбзэхэм ящыщу иупсэыр кьызэрыунэхурэ нэхъ лъапIэ хъуащ кьалэ щIыбым кIуэ поездхэм щIат уасэр процент 25-кIэ, кьалэ зэхуакъуэм щызэкIуэхэм я плацкарт вагонхэм - процент 20,9-кIэ, купе вагонхэм - процент 15,9-кIэ, фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр процент 17,2-кIэ, хьэщIэщхэм я уасэр процент 13,9-кIэ, язныныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр процент 6,2-12,3-кIэ. Апхуэдэу цIыхухэм кьыIах кредитхэм проценткIэ щхьэщатыкI ахъшэм процент 11,8-рэ, Тыркум зыщыщызгъэпсэхунухэм кьыIах ахъшэм процент 10,6-кIэ, маршрутхэм тет таксихэм я уасэм процент 8,3-кIэ, поштым и Iуэхущ1апIэхэм я Iуэхутхьэбзэхэм процент 5,3-кIэ хагъэхьащ. Абыхэм кьадэкIуэу нэхъ пуд хъуащ кьхъулъатэкIэ зекIуэным ихьыр (процент 11,6-кIэ), мобильнэ Интернетым щIытыр (процент 8,5-кIэ).

ЦIыхур псэун папщIэ **нэхъ мащIэ дыдэу зыхуей ерыскъыпхъэхэм** я уасэр 2014 гъэм и мэкъуауэгъуэ маздэм и кIэухым ирихьэлIэу ику иту КъБР-м маздэм сом 2830,1-рэ щыхьащ. Зы маздэм кьриубыдэу абы 1 процент кIэрыхуащ (илъэсыр кьызэрыунэхурэ процент 8,2-кIэ хэхъуащ).

2014 гъэм накъыгъэм и кIэухым хуэзэу республикэм и экономикэр зыхэта гугъуехьхэм ящыщщ щIыхуэхэм я Iуэхур. Организацэхэм кьалэн зыщащIыжахэмкIэ щIыхуэу ятелъар сом меларди 4,9-рэ е щIыхуэ псоми я процент 11,6-рэ хъууэ щытащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа щIыхуэ псоми ящыщу кредитор щIыхуэр процент 98,2-рэ мэхъу.

Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэу 2014 гъэм накъыгъэм и кIэухым сом меларди 4,8-рэ щыIащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа кредитор щIыхуэ псоми я процент 80-м щIигъур электрокъаруэр, газыр, псыр кьалэжьымрэ тегуэшэнымкIэ щIыхуэрщ.

Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэу 2014 гъэм накъыгъэм и кIэм ирихьэлIэу сом меларди 5,2-рэ щыIащ. Зи пшынжьыгъуэ пIалъэр икIа дебитор щIыхуэм и процент 58,2-р хурагъэша товархэм, хуащIа лэжьыгъэхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэу щэхуакIуэхэм кьрамытыжахэрщ.

ЦIыху къэс тещIыхьауэ мазэм кьаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр (зэкIэ кьызэрабжьамкIэ) 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм сом 14492-м нэсащ икIи блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 9,7-кIэ нэхъыбэщ. **КьыщIэкIым тещIыхьауэ къапщтэмэ**, ахъшэ хэхъуэхэр (фIэкIыпIэ зимыIэ платежхэр хэгъэкIуэу, щэхуакIуэ уасэхэм зэрызэхуэжьыр кьэпльатуэ) 2013 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ельытауэ процент 5,7-кIэ нэхъыбэ хъуащ.

ЦIыхухэм кьаIэрыхьэ ахъшэ хэхъуэр кьызэрагъэсэбэп щIыкIэр кьапщтэмэ, абы и нэхъыбапIэр (процент 74,5-р) хьэпшыпхэр щэщхъуэмрэ Iуэхутхьэбзэ уасэхэмрэ трагъэкIуадэ.

Социальнэ ахъшэр хэмыту, 2014 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм (хьэрычэт Iуэху мыиным и Iэнатl эри хиубыдэу) **лэжьакIуэхэм ику иту хуатх улахуэр** сом 18840,4-м нэсащ икIи 2013 гъэм и апхуэдэ зэманым ельытауэ процент 9,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ. КьыщIэкIым тещIыхьауэ кьапщтэмэ, курыт лэжьапщIэр (хуатхыр) процент 2,9-кIэ хэхъуащ.

● Жэпуэгъуэм и 1-р Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэщ

Нанэ Iумахуэ

Хабзэ хъуауэ, ди къэралым щагъэлъапIэ зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэр - жэпуэгъуэм и 1-р. Адыгэхэм игъащIэми тхэлъ нэхъыжь-нэхъыщIэ зэхуцытыкIэр, ди лъэпкъ хабзэр зыIэт нэщэнэхэм ящыщ зыр, а къэрал унафэм нэхъри щIегъэбыдэ. Абы иджыри зэ дрегъэгупсыс пщIэрэ нэмысрэ сыт хуэдэ зэманми зыхуэщIыпхъэ нэхъыжьхэм гулъытэ хэха къызэраледжьым. Абыхэм я гъащIэр кьытщIэхъуэ щIэблэм я щапхъэщ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ куейм хыхьэ Малкэ хуэажэм дэс нэхъыжьыфIхэм ящыщщ Къардэн (Iужыр) КIуакIуэ Мэзан и пхъур. Къулькъужьи Ипщэ хуэажэм щыщ мэкъумэшыщIэ унагъуэм 1928 гъэм къыщалъхуащ ар. Быным я нэхъыжь бзылъхугъэ цIыкIум и шогинэгъуэри и щIалэгъуэри къэралым и тхыдэм щыщ лъэхъэнэ гугъухэм хиубыдащ. И гъащIэм щриплъэжкIи, абы щыщ нэхъ зэман гугъухэм КIуакIуэ къахегъэбелджылыкI Хэку зауэшхуэм и мафIае ильэсхэр. Ильэс 15 фIэкIа зи мыныбжь хъыджэбз цIыкIум нэсу зыхищIащ зауэм и хьэлъагъыр, абы пыщIа гуауэ бжыгъэншхэр, гуэввэгъуэ куэдыр, мэжащIалIагъэр.

КIуакIуэ и адэр зауэр къызэрыхъейуэ фронтым Iухьахэм ящыщащ. 1942 гъэм унагъуэм къалэрыхьауэ щытащ я адэр хъыбарыншэу зэрыкIуэдам теухуа хъыбар гуауэр зэрыт тхыдэмпIэ.

- Къытщхьэщыт уафэр къелъэхъщэхуэ къытщыхъуат абы щыгъуэ. ГъащIэщIэм худи1а гугъапIэ дахэхэр, хъуэпсапIэ IэфIхэр зэуэ зыгъэлъэлъэжа зауэ гущIэгъэншэм иджы зыIэщIилъхат бынунэм ди плъапIэ закъуэр - ди адэр, - игу къегъэкIыж КIуакIуэ. - Сыти тщIэфынут, сыти ди Iэмалт? Дэ тхуэздэхэр щэрэ минрэт абы щыгъуэ... Ди гур мыкIуэду, гъащIэм гукъыдэж худи1эу быныр дыкъызэрыцэтенар и фIыгъэт ди анэ тхьэмыщкIэм. Абы хуЛъэкIащ адэ ани тхуэхъуи, быным щыщ дэтхэнэмэ и псалъэ IэфI лъиргъэсын, и псэ хуабагъыр иришэжкIын.

Классы 7-р кьиуха нэужь, КIуакIуэ лэжьэн щыщIидзащ я къуажэм щызэхэт хозяйствэм. Адрей и анэкьилъху нэхъыщIэхэр зыхуей хуэзэн папщIэ, ар и анэм бгъурыуваш икIи балигъхэм я пщэрыльхъэнхэм хуэдэ дыдэ игъэзащIэурэ махуэ лэжьыгъэр кьриихьэлIэрт. Ёзым зэрыжиIэжьмкIэ, кьэхъурт и классэгъуэ щытахэм, иджыри школым кIуэхэм, щехъуапси, ауэ а хъуэпсапIэхэр запщIэу зыщхэпщхужьмрт, шхын щхьэкIэ фIэлIэн и гугъэу зыгегужьеикIа и дэлъху нэхъыщIэхэу Мухьэмэдрэ Хьэчимрэ щегупсыскIэ.

Апхуэдэуэрэ гъэхэр кIуащ. Мамырыгъэр тепщэ щыхъужа къэралым и цIыхухэр жыджэру яужь ихьэжащ гъащIэр зэтеуIэфIэжьынм. Iужырхэ я унагъуэри лъэ быдэкIэ увыжу хуежьащ. КIуакIуэ бзылъхугъэ гуакIуэ къыщIыкIащ. И ныбжьыр илъэс 19 ирикъуауэ ар унагъуэ ихьащ. Iужырхэ малъхъэ яхуэхъуат Малкэ къуажэм щыпсэу Къардэн Барэсбий.

Унагъуэ дахэ, екIу яухуащ ныбжьыщIитIым. Зэщхьэгъусэхэм зы хъыджэбзэр щIалиплIрэ зэдагъэтащ: Iэминат, Хьэбас, Адмир, Хъусен, Хьэсен сымэ. Унагъуэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ лъэкI кьагъэнакъым Барэсбии (и ахърэтыр нэху Тхъэм ищI!) КIуакIуи. Бынитхум ящыщ зэгъэнэри лъэпкъ хабзэм тету ягъэсащ, зэрыпсэун Iэщ1агъэ, щIэныгъэ ираташ, гъащIэм гъуэгу пэж щытрагъэуващ. Иджы ахэр унагъуэ щхьэхуэ хъужауэ мэпсэу, щIэблэ уэнпшэ кьащIэхъуэу, я Iуэхуэщ1адэ дахэхэмкIэ, зыIэрагъэхъэ ехъулIэныгъэхэмкIэ я нэхъыжьыфIхэр ягъэгушхуэу. Нобэ быным ящхьэщытщ зи ныбжьыр илъэс 85-м щIигъуа, адыгэ хабзэрэ нэмыс дахэрэ зыхэлъ, гугъуехьхэм къапимыкIуэту гъащIэм игъэса КIуакIуэ. Анэ гумащIэр, анэшхуэ IэфIыр яхуэнабдзэгубдзапльэщ бынми, абыхэм кьащIэхъуэ щIэблэмэ, икIи дэтхэнэмэ и дуней еплъыкIэмрэ гупсысэкIэмрэ зыщегъэгъэуазэ.

- И ныбжь дахэм емылыстауэ, ди мамэ ноби цIыху жыджэрщ, унагъуэ IуэхуэхэмкIи сабий пIынымкIи зыкъытщIегъакъуэ, - жаIэ КIуакIуэ и нысхэмэ. - А цIыху псэ кьабзэм и деж чэнджэщ Iущхэр сыт щыгъуи щыдогъуэт, гъащIэм, псэуныгъэм хэлъ лъэпощхьэпохэм дызэрыщихъумэным дапщэщи йолIаIэ. Дыхуейщ ди нэхъыжьыфIыр узыншэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ иIэу иджыри куэдрэ кьытщхьэщытыну.

НэхъыжьыфI, чэнджэщэгъуэ Iуц, нанэ Iумахуэ Къардэн КIуакIуэ дохъуэхъу и узыншагъэр мыкIуэщIу, быным, абыхэм я щIэблэм я насыпымрэ къабгъэдэкI гулъытэмрэ и псэр игъэнэхурэ и гум ехуэбылIэу илъэсищэкIэ псэуну.

Дыжьын уэзыщ зи щхьэцым «хэшха» апхуэдэ нэхъыжьыфIхэмкIэ ирогушхуэ ахэр кьызыхэкIа унагъуэхэри зыдэс жылэхэри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Нобэ Музыкэм и дунейпсо махуэщ

Ягъэзащ1эни зыгъэзащ1эни ди1эщ

Музыкэм и дунейпсо махуэр, 1975 гъэм щыщIэдзауэ жэпуэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэр, ЮНЕСКО-м къыхилъхьауэ щытащ. Абы ехьэлIа унафэр кьыщащтат а Iуэхущ1апIэм и деж щыIэ Дунейпсо макъамэ советым (IМС) и 15-нэ ассамблее нэхъыщхьэм. А гукъэкI гуапэр зыщIахэм ящыщ зыщ композитор Шостакович Дмитрий.

ИЛЪЭС къэс махуэшхуэр дуней псом щагъэлъапIэ, артист гъуэзэджэхэмрэ художественнэ гуп щIэрыIуэхэмрэ зыкът ищIэнэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхашэ. Апхуэдэуи композиторхэм, уэрэджыIакIуэхэм, музыковедхэм я творческэ пшыхьхэр къызэрагъэпэщ, Iуэхум екIуэлIа гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ зэIущIэхэмрэ иратэкIуэкI. Ахэр псори, щэч хэмылъу, гъуэзджэм и зы лIужьыгъуэ дахэ макъамэр цIыхубэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм зэлъащIысыным сабэпшыуэ хуохъу.

Музыкэм и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу узытепсэлъыхьынымрэ жыпIэнымрэ куздщ. Хэт нэхъри нэхъыфIу абы зэрыхищIыкIыр къэтлэгъи, дэ зыкъуэгъэзащ композитор, КъБР-м и цIыхубэ артист Хьэлъпэ Джабрэилт. Абы кьыджиIахэм ди гуапэу фыщIыдогъэгъуазэ.

- Музыкэм и зыужьыныгъэм, псом хуэмыдэу, епщыкIуплIанэ лIэщIыгъуэм кьыщыщIедзэ. Абдежым щегъэжьауэ а искусствэ лIэужьыгъуэм пщIэ егъуэт, ефIакIуэ зэпытури къогъуэгурыкIуэ. А зэманым щыIар члисэ (церковнэ) музыкэщ. Нидерланд композиторхэру Орландэ Лассэ, Жоскен Депре, Дюфаи Гийом... нэгъуэщIхэми члисэм щхьэкIэ ятхар зыхуэдэмрэ зыхуэдизымрэ пхужьIэнкъым. Ахэр щыжаIэ костёпым кьекIуалIэхэр къэсын ипэкIэ музыкантхэр органым еуэрт. КъыIухьар а макъамэм екIуу дежьурт, апхуэдизкIэ ар хэлъщIыIут, кьызэрыгуэкI щIыхуэхэм я лъым хэтти.

Оперэри, балетри, симфониери кьыщежьэр Италиеращ, музыкэм и хэкуу къэплъытэ хъунри аращ. Абы кьикIыуэрэ мыдрей къэралхэм зыщиубгъуащ, хуэмхуэмурэ Урысейми къэсащ.

Совет Союзым музыкэм пщIэшхуэ хуищIырт. Къапщтэмэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщалъхуа сэ сыкъэтыт?! КъуэкIыпIэ Жыжьэм кьыщыщIэдзауэ сэ си музыкэм щемыуарэ Прибалтикэм нэс сызэдэмыкIуа щIыпIэрэ щыIэкъым. АтIэ Урысеим сыт хуэдиз композитор щэджащэ иса! Дуней псом зы тепIыджэ къэхъуамэ, тепIыджэщ урыс композиторхэру Чайковскэм, Балакиревым, Бородин, Римский-Корсаков сымэ я Iэдакъэщ1экIэхр. Ахэри кьыщежьар урыс композитор, Италием щеджа Глинкэ и дежщ.

Композитор щколыр, жыпхъэ Къэбэрдеймии хэIущIыу щохъу. Зы илъэс 60 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжмэ, зауэ нэужьым Ленинград искусствэм щыхурагъэджэну зы гупышхуэ ягъэкIуауэ щытащ. Ди профессиональнэ музыкэр къэзыIэтар мис ахэращ. Абыхэм кьахэкIащ узэрэджыIакIуэ бзылъхъу Къуащ Верэ, Шэрий Иринэ, ПащIэ Ахьмэд, режиссёр Ерчэн Леонид, ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр, Сэкрэк Хьэсэн, нэгъэущI щыIэ. Абыхэм яхэтащ Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ. Къапщтэмэ, ди профессиональнэ музыкэм и псыпэ езышIэжьар Шейблер Трубворщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъэм, адыгэхэми балъкъэрхэми, абы кьытхуищIам хуэдиз зыщIофа зы адыги щыIэкъым. Сэ сльэкIатэмэ, абы и фэеплъ Налшык щыгъэзывынт.

Къардэн Хьэсэн и зэфIэкIыр уэрэдым теухуауэ щытт, Балэ Мухьэдин и гупсысэкIэр симфоние музыкэм нэхъ тегъэщIат. Мис а тIум я гуащIэр псышхуитIым хуэдэу зэбгъурыту къакIуэурэ «Мадинэ» оперэм и деж щызэхэпъэдащ. ЖыпIэнэрамэ, а тIум ятхэ макъамэ тепIыджэхэм сэ, Молэ Владимир, Даур Аслъэн сымэ, адрейхэри дакъыщIэтэджащ.

Сызэрыгушхуэ зы Iэзху жызымIэн слъэкIынукъым. Режиссёр цIэрыIуэ Сокуров Александр ди композитор ныбжьыщIэ Къэбэрдокъуэ Мурат иригъэблагъэри лэжьыгъэ гъэщIегъуэн ящIащ. Сокуровым трих «Франкомание» фильмым хигъэхьэну Амстердам симфоние оркестрым игъэзащIэу ирагъэтхащ Мурат и Iэдакъэщ1экI телъыджэ. Адыгэ музыкэм зэрызиIэтар наIуэу кьызыхэщ а лэжьыгъэ гъэщIегъуэным сыщедзэIуэри дамэ кьыстекIат. ИгъащIэм къэмыхъуа музыкэщ мыр, профессиональнэ и щыгум нэсу тхащ жысIэкIэ пщIыпс срихъунукъым. Сэ срогушхуэ Къэбэрдокъуэ Мурат сызэригъэсэным, ильэситхукIэ егъэджа иужь Санкт-Петербургт аспирантурэр кьыщиухащ абы, иджы а кьалэм и консерваторэм щолажьэ.

Къапщтэмэ, ди профессиональнэ музыкэм лъабжьэ хуэхъуар ди уэрэдыжьхэрщ, уджэжмэ къафэхэмрэщ. Ди композиторхэм ахэр кьагъэсэбэп, яхьумэ, абы и фIыгъэкIэ нобэми кьэсащ. Ар фащэщ лъэпкъ музыкэр кърипщIыхуну.

Сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ ди республикэм щыпсэу композиторхэм ящIэми, узэрыгушхуэн куэд хэтщ абыхэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, Молэ Владимир шэшэн IуэрыIуатэрэкъитгъэсэбэпУ ятха лэжьыгъэ гъэщIегъуэн мы гъэм симфоние оркестрым игъэзащIащ. Жырыкъ Заур сабий хорым щхьэкIэ и Iэдакъэщ1экI пщыкIутхур дахащ1щ. Абыхэм кьадэкIуэу Заур итхащ адыгэ усакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэр зыщIэлъэ уэрэд Iэрамэ. Сэращи, сабийхэмэ папщIэ Iэращ уэрэд пщыкIух, оркестрыр и гъусэу ягъэзащIэ хъуну стхауэ тельщ си стIолыщхьэм. Ахэр псори хэлъхьэныгъэм щыщщ.

Адыгэ оперэ, балет, симфоние, симфоние концерт, сюитэ - зипэ-зипэкIэ ди лъэпкъым имыIэр укIуэдыжь. Мис аращ насып жыхуаIэр. Лъэпкъ щыIэнымэ, уэрэд, музыкэ нэс щыIэн хуейщ, литературэр, живописыр, нэгъуэщIхэри абы ящIыгъуэщ. Дэ ди музыкэм дымыкIытэу сыт хуэдэ утыкуи дрихьэфынущ. Насыпу диIэм я щхьэжщ Къэрал филармоние дызэриIэр, абы симфоние оркестр зэрыщылажьэр, адыгэм Темыркъан зэкъуэшхэу Юрэ, Борис, Пётр сымэ хуэдэхэр кьызэрыхэкIар. Тхьэм и шыкуркIэ, ягъэзащIэни зыгъэзащIэни ди1эщ, къэнэжыр лэжьэн хуейуэ араща, дыхущIыхьэну, Музыкэм и дунейпсо махуэр илъэс куэдкIэ дгъэлъапIэну си гуапэщ!

Зытхыжар

ИСТЭПАН Залинэщ.

● Гу зылъытапхъэ

Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за совершение убийств, посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов и военнослужащих, совершение иных тяжких и особо тяжких преступлений, разыскиваются 33 жителя КБР, находящихся в международном и федеральном розыске.

УМВД РФ по г. Нальчик – 14

1. Джангуразов Хаким Муратович, 20.12.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Майский, д.13.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

РД №11/9-06 (по ст.205 УК РФ УД №25/78-05)

2. Кушхов Мурат Баширович, 17.04.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор УМВД России по г. Нальчик.

РД №1/5-07 (ст.205 УК РФ УД №25/78-05)

3. Техажев Залимхан Мухамедович, 04.10.1981 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина 170/127.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

РД № 30/26-06 (ст. 205 УК РФ УД №25/78-05)



4. Мурзабеков Заурбек Мухамедович, 07.08. 1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Кирова д. 331, кор.13.кв.38.

В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

РД №2/10-99 (ст.317 УК РФ УД №24/46-99)

5. Абидов Замир Амдулахович, 27.08.1972 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул.Шалушинская д.1, общ.

В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

РД №28/89-08 (ст.ст.222 ч.2, 317УД №71/37-08)

6. Сижажев Ахмед Олегович, 10.04. 1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева 102А.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о не выезде, инициатор розыска УМВД России по г.Нальчик.

РД №28/28-09 (ст.ст.317 105 УК РФ УД №71/12-09)

7. Шебзухов Залим Борисович, 06.10.1986 г.р.

Зарегистрирован по адресу: г. Нальчик, ул. Ватутина, 33 кв. 19.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о не выезде, инициатор розыска УМВД РФ по г. Нальчик.

РД № 80/12-14 от 19.03.2014 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД № 74-02-10)



8. Табухов Иноят Усманович, 20.10.1988 г.р.

КБР, г. Нальчик, ул Московская д.3, кв. 114.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска УМВД РФ по г.Нальчик

РД №81/25-12 от 18.12.2012 (ст.ст. 222 ч.2, 105 ч.2 УК РФ УД №71/231-12)

9. Занкишиев Роберт Владимирович, 06.06.1988 г.р., г.Нальчик, ул.Ингушская 25 «а», кв.69;

В федеральном розыске: мера пресечения - не избиралась, инициатор розыска УМВД РФ по г.Нальчик.

РД №82/20-13(ст.208 ч.2 УК РФ, УД №70/56-13)

10. Шогенов Мурат Анатольевич 11.05.1984 г.р., К БР, г. Нальчик, ул.Ингушская 9«а», кв.34.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор УМВД РФ по г.Нальчик

РД №82/19-13(ст.208 ч.2, 222 ч.3 УК РФ, УД №70/56-13)

11. Залихонов Хасан Ибрагимович, 30.07.1987 г.р., КБР, г. Нальчик, ул. Эльбердова, 40.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор УМВД РФ по г.Нальчик.

РДN80/38-13 (ст.317 УК РФ; УД №71/141-13)

12. Казгериев Амир Русланович, 14.12.1986 г.р., КБР, г. Нарткала, ул. Боракаева 5, кв. 69.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о не выезде, инициатор розыска УМВД России по г. Нальчик.

РД № 80/28-14(ст.222 ч. 2, ст. 317 УК РФ. УДN 71/27-14)

МО МВД России «Баксанский» - 6

13. Касаев Артур Мухамедович, 28.04.1975 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, Кизбурун-3, ул. Кирпичная, 79.

В федеральном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска МОМВД России «Баксанский».

РД №55/84-99 (ст.317 УК РФ УД №4/46-99)

14. Оршокдугов Заурбек Хусейнович, 07.01.1984 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул. Баксанская, 63.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский»

РД №5/16-13 от 17.06. 2013 (ст.317, ч.2 ст.222 УК РФ).



15. Шериев Астемир Асланович, 11.06.1991 г.р., зарегистрирован: г. Баксан, ул. Ногмова, 50.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

РД №95/15-13 (по ст.ст. 222, 162, 317, 167 УК РФ, УД №73/37-13

16. Ныров Вячеслав Леонидович, 06.11.1982 г.р. г.Баксан, ул. Ломоносова, д.63.

В федеральном розыске: мера пресечения - не избиралась, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский».

РД №5/25-13 (ст.208 ч.2 УК РФ УДN25/217-13)

17. Абазов Мартин Адилович, 15.12.1982 г.р., зарегистрирован, с.Дыгулыбгей, ул. 400 летия, 232.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска МО МВД России «Баксанский»

РД №5З24-14 (ст. 167, ч.1 222, 317 УК РФ, УД №972/65-14)

ОМВД России по Зольскому району - 2

18. Озов Музарин Аликович, 15.04.1982г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г.Баксан, ул. Дымова д.23.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району.

РД №97/2-11 (ст.ст.317, 222 ч.2 УК РФ УД №972/13-11)

19. Мидов Рустам Бесланович, 28.01.1984 г.р., зарегистрирован: п. Залукокоаже, ул. Калмыкова, 5.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о невыезде, инициатор розыска ОМВД России по Зольскому району.

РД №97/10-14 (ст. 208 ч.2 УК РФ, УД №97/58-14)

ОМВД России по Лескенскому району - 1

ОМВД России по Эльбрусскому району - 3

20. Беккаев Аслан Назирович, 31.05.1971 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус д.1, кв. 25.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

РД №4209 (ст.205 УК РФ УД-91169)

21. Атмурзаев Бузджигит Хасанович, 25.06.1979 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, с. Кенделен, ул. Бештокова, 10.

В федеральном розыске: мера пресечения - подписка о не выезде, инициатор розыска ОМВД России по Эльбрусскому району.

РД №13/1-08 (ст.208 ч.1,2 УК РФ УД 70/44-07)

ОМВД России по Чегемскому району - 4

22. Жанимов Алим Хасанбиевич, 01.02.1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Кызбрун-3, ул.Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/10-06 (ст.205 УК РФ УД №25/78-05)



23. Жириков Аслан Аниуарович, 13.12.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.

В международном розыске: мера пресечения -арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/14-06 (ст.205 УК РФ УД №25/78-05)

24. Жириков Арсен Аниуарович, 15.09.1974 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 130 (д.76).

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/6-07 (ст.205 УК РФ УД №25/78-05)

25. Биттиров Эльбрус Хизирович, 15.08.1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Чегем-2, ул. Степная, 47.

В международном розыске: мера пресечения - арест, инициатор розыска ОМВД России по Чегемскому району.

РД-4210 (ст.205 УК РФ УД №991169)

ОМВД России по Урванскому району - 1

УФСБ России по КБР - 2



26. Шекихачев Тимур Анатольевич, 19.08.1972 г.р., КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, д.135, кв.3.

В федеральном розыске: мера пресечения, подписка о невыезде, инициатор розыска УФСБ России по КБР.

РД №19/07-11 (ст.ст.208ч.2, 222ч.2 УК РФ УДN3715-05).

27. Кавдинов Рафаэль Анатольевич, 29.10.1980 г.р., зарегистрирован: КБР, с. Терекское, ул. М.Терек б/н.

В федеральном розыске: без меры пресечения инициатор розыска УФСБ РФ по КБР.

РД №121-06 (ст. ст.208ч.2, 222ч.2 УК РФ УДN3715-05).

Уважаемые жители Кабардино-Балкарской Республики!

Если Вы располагаете информацией о месте нахождения указанных лиц, совершенных или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам: Дежурная часть МВД по КБР 40-49-10; 49-53-02, Управление уголовного розыска МВД по КБР: 47-65-82; 49-52-62; 49-51-32; 49-50-06. Полная анонимность гарантируется.

«Ц1ыхубэ участковэ-2014»

Урысей МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыфIхэм ядригъэкIуэкI «Цыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр иухащ.

ЗЭПЕУЭМ и ялэ Iыхьэр куейхэм щекIуэкIащ фокладэм и 11- 20-хэм. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ органхэм я ралн Iэнатlэм и полицэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыфIу кьалъытэм папщIэ Iэ яIэтыну псоми Iэмал яIащ.

Ялэ Iыхьэм ди республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и щIыналъэ Iэнатlэхэм ящыщу полицэм и участковэ уполномоченнэу 20 хэтати, 10-р етIуанэ Iыхьэм хэхуащ. Ахэр Къурш Альберт («Бахьсэн» къудамэ), Волков Максим («Прохладнэ» къудамэ), Абазэ Мурадин («Аруан» къудамэ), Жырыкъ Азэмэт (Налшык къалэ), Жыкъуэ Мухьэрбэч («Дзэлыкъуэ» къудамэ), Федоров Егор («Май» къудамэ), Гъэсашэ Ахьмэд («Тэрч» къудамэ), Болэт Эльдар («Шэджэм» къудамэ), Жылокъуэ Ратмир («Шэрдж» къудамэ), ЖашуевИслъам («Iуащхьэмахуэ» къудамэ).

Зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм хэхуахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр щахъумэнущ кIэух зэпеуэм. КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым ахэр онлайн Iэлэткlэ кьыщыхахынущ. Ар жэпуэгъуэм и 7-16-хэм екIуэкIынущ.

Участковэ нэхъыфIу кьалъытахэр щэкIуэгъуэм и 17-м - Полицэм и участковэ уполномоченнэм и махуэм - ирихьэлIэу ягъэлъапIэнущ икIи урысейпсо зэпеуэм и «Цыхубэ участковэ» саугъэт нэхъыщхьэр иратынущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● ГуфIэгъуэ зэхьхьэ

Къэрал Думэм щагъэлъэгъуэнущ

ФокIадэ мазэм и пэщIэдзэм «Нартхэм я фIыгъуэхэр» еханэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалым щытекIуэхэр, лауреатхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэр Къэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтым иджы ящыгъуэ. Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа, «Iуэ пэтми зыхыужь артпроектым и выставкам хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ставрополь, Хабаровск крайхэм я сурэтыщI ныбжьыщIэхэр.

ХЬЭЩIЭХЭМ фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Лъэпкъхэм я унэу Мэзкуу дэтым и унафэщIым и къуэдзэ Пономарь Александр. Абы ди республикэм икIа гупым ящыщ, зэпеуэ-фестивалым и дунейпсо жюрим хэт, Европэм гъуэзджэхэмкIэ и академием и академик Бгъэжьнокъуэ Заурбэч лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хуищI хэлъхьанытхэм папщIэ я Iуэхущ1апIэм игъэува саугъэтыр кьритащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, сабий арт-проектыр 2008 гъэм гъэзгу теуващи, кIуэ пэтми зеужь, зеубгъу. «Нартхэм я фIыгъуэхэр» зэпеуэ-фестивалым и мыхьанэ нэхъыщхьэр кьытщIэхъуэ щIэблэр лъэпкъхэм я щэнхабзэм, я тхыдэм щыгъуазэ щIынырщ, зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэр кьыхэхынырщ икIи адэкIэ заужьын папщIэ абыхэм ядэIэпыкъунырщ, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ я егъэджэныгъэ IэнатIэхэм щэнхабзэ лъэпкъ зэпыщIэныгъэр щыгъэбыдэнырщ икIи зегъэубгъуныщ. «Нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэр» дунейпсо фестиваль-зэпеуэм и лауреатхэмрэ финалистхэмрэ я IэдакъэщIэкIэхэмкIэ гъэщIэрэщIауэ илъэсищ и пэкIэ дунейм кьытехьа «Сокровище нартов», «Сосрыкъуэ» тхылъхэр Урысей Федерацэм Егъэджакъыгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм нэхъыфIу къилъыта тхылъи 100-м хагъэхьащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и саугъэтыр 2012 гъэм зыхуагъэфэща проектым и унэтIакIуэ Тlажь Борис щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, гъэлъэгъуэныгъэм кьызэщIиубыдащ Хабаровск щыщIэдзауэ Мэздэгу нэс Урысейм и щIналъэ куэдым, апхуэдэуи Иорданием, Катарым, Хъэрып Эмират Зэгуэтхэм ящыщ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIэ 60-м щIигъу. Сурэтыщ1хэм диплом щхьэхуэхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ. Абыхэм я сурэтхэм ягъэщIэрэщIэнущ нарт лIыхъужьхэм ятеухуауэ кьаIуэтэжа адыгэ, балъкъэр хъибарэр щызэхуэхьесауэ ядыдагъэкIыну тхылъыщIэр. Макетыр КъБР-м и цIыхубэ художник Бгъэжьнокъуэ Заурбэч вернисажым щигъэлъэгъуащ.

Щхьэхуэу кьыхэдгъэщынщи, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч нартхэм я хъугъуэфIыгъуэхэм ятеухуа езым и Iэдакъэщ1экI сурэт 15-м выставкэм пIанэпэ щхьэхуэ щыхухахащ.

«Нартхэм я фIыгъуэхэр» еханэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ зэпеуэ-фестивалым нэхъыфIу кьыщалъыта Iэдакъэщ1экIхэр щызэхуэхьеса каталог выставкэм кьрихьэлIахэм хуагъэшащ. КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин, республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIа и секторым и унафэщI, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гъут Iэдэм, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч сымэ я хъугъэ-гъуэгуанэхэр зэрыт каталог гъэщIэрэщIар Комаров Николай зи унафэщI «Лъэпкъхэм я мэзкуу унэ» къэралIуэхущIапIэм и издательствэм кьыдигъэкIащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIа, Лъэпкъхэм я унэм щызэхуэса псоми я гукъыдэжыр къаIэтащ адыгэхэр, абхъазхэр щыпсэу республикэхэм икIа гупхэм, Къалмыкъ Юрэ и цIэр зезыхьэ «Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ фондым и «Черкесия» лъэпкъ къэфакIуэ ансамблым.

Лъэпкъхэм я унэм ирагъэблагъэхэм папщIэ зэхалъхьа щэнхабзэ программэр гукъинэж зэращыхъуам шэч хэлъкъым. Ахэр щыIащ Мэзкуу и щIыпIэ цIэрыIуэхэм - Третьяковскэ галереем, Пушкиным и цIэр зезыхьэ музеим, нэгъуэщIхэмэ. Автобус щхьэхуэкIэ къызэрагъэпэщри, абыхэм къэралым и щIыхьэрм зыщапIлъхьащ.

«Лъэпкъхэм я мэзкуу унэр», Москварэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я правительствэхэр, сурэтыщIмодельер Тlажь Альбинэ и фондыр, нэгъуэщI къэрал, жыларуэ IэнатIэхэри я щIэгъэкъуэну пхагъэкI проектым нэхъри зеужь. Адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэ тельыджэм, гъуэзджэм дунейпсо утыкум нэхъри зэрызыщиубгъунур ди фIэщ мэхъу. Мы бжыхьым сабийхэм я Iэдакъэщ1экI нэхъыфIхэм я выставкэ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм кьыщызэрагъэпэщынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Спорт хъыбархэр

Дзюдо

Чемпионхэм я мастер-класс

УФ-м и командэ кьыхэхам хэт, Урысейм, Европэм, дуней псом я чемпионатхэм мызэ-мытIэу текIуэныгъэ кьыщызыхьа дзюдоист цIэрыIуэхэм КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр я щIэгъэкъуэну, Универсальнэ спорт комплексым мастер-классхэр щрагъэкIуэкIащ дзюдом хьыхьагъащIэхэм папщIэ.

ЕВРОПЭМ тIэунейрэ и чемпион, 2014 гъэм дунейпсо чемпионатым дыжьын медаль кьыщызыхьа Мудрэн Беслъэн, Европэм и чемпион Хъэбэчыр Мурат, Урысейм и чемпионхэу Щад Муратрэ ГъукIащIэ Самиррэ я дэтхэнэ зи псалъэри, ягъэлъагъуэ зыщIыкIэри дзюдоист нэхъ щIалэхэм кьапхъуатэрт.

ЦIыкIуэхэр апхуэдизкIэ зыIэпишат, дихьэхат спортсмен Iэзэхэм ягъэлъагъуэ дерсхэми, умыгъэщIэгъэн пльэкIыртэкъым. Урысейм дзюдомкIэ и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыжь, Афины щекIуэкIа Олимпиадэм жэз медаль кьыщызыхьа Тау Хьэсэнбий кьызэрыхиГъэщащи, зэIущIэм кьрихьэлIа ныбжьыщIэхэм ящыщ дэтхэнэми ехьулIэныгъэхэр зыIэригъэхьэфынуц. «Нэхъыщхьэр уи фIэщ хьыуэ, гушхуэныгъэ пхэлъу ерыщу уи мурадхэм ухуэкIуэныщ, абы и лъэныкъуэкIэ дэри дадэIэпыкъунущ», - жиIащ Таум.

Мастер-классыр Iуэхугъуэ гуапэкIэ ихуащ. Мудрэн Беслъэн ираташ «Къэббалъкъ гражданствэ» фирмэм и генеральнэ унафэщIым кьыбгъэдэкI саугъэт щхьэхуэ.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

Футбол

Мы мазэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ЕпщIанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 1

(бэрэжьей)

«Спартак-Налшык» (Налшык) – МИТОС (Новочеркасск)

«Анжи-2» (Мэхъэчкалэ) - «Таганрог» (Таганрог)

«Алания» (Владикавказ) – «Астрахань» (Астрахань)

«Тэрч-2» (Грозный) – «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

«Ротор» (Волгоград) – «Динамо ГТС» (Ставрополь)

ЕпщIкIуэнэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 7

(гъубж)

«Астрахань» - «Спартак-Налшык»

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Анжи-2»

«Таганрог» - «Алания»

МИТОС - «Тэрч-2»

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Ротор»

ЕТIУАНЭ КЪЕКIУЭКIЫГЪУЭ

ЕпщыкIутIанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 13

(блыщхьэ)

«Спартак-Налшык» - «Ангушт»

«Алания» - «Анжи-2»

«Тэрч-2» - «Таганрог»

«Ротор» - «Астрахань»

«Динамо ГТС» - МИТОС

ЕпщыкIущанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 19

(тхьэмахуэ)

«Анжи-2» - «Спартак-Налшык»

«Ангушт» - «Тэрч-2»

«Таганрог» - «Ротор»

«Астрахань» - «Динамо ГТС»

МИТОС - «Мэшыкъуэ-КМВ»

ЕпщыкIуплIанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 25

(щэбэт)

«Спартак-Налшык» - «Алания»

«Тэрч-2» - «Анжи-2»

«Ротор» - «Ангушт»

«Динамо ГТС» - «Таганрог»

«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Астрахань»

ЕпщыкIутхуанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 31

(мэрем)

«Анжи-2» – «Ротор»

«Алания» – «Тэрч-2»

«Ангушт» – «Динамо ГТС»

«Таганрог» – «Мэшыкъуэ-КМВ»

«Астрахань» - МИТОС

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэ

ТIощIрэ ебланэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 4

(щэбэт)

«Къэхъун» (Къэхъун) - «Анзорей» (Анзорей)

«Велес» (Къэрэгъэш) - «Шэджэм-2» (Шэджэм ЕтIуанэ)

«Спартак-Д» (Налшык) - «Iэдиихуу» (Iэдиихуу)

«Автозапчасть» (Бахъсэн) - «ЛогоВАЗ» (Бабугент)

Жэпуэгъуэм и 5

(тхьэмахуэ)

«Прохладнэ» (Прохладнэ) - «Нарт» (Нарткъалэ)

«Къэбэрдей» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - «Бедик» (Аргудан)

«Союз» (Налшык) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)

«Кэнжэ» (Кэнжэ) - «Шагъдий» (Зеикъуэ)

Жэпуэгъуэм и 8

(бэрэжьей)

«Къэхъун» - «Тэрч» (Тэрч)

ТIощIрэ еянэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 11

(щэбэт)

«Нарт» - «Спартак-Д»

«ЛогоВАЗ» - «Союз»

«Шэджэм-2» - «Къэхъун»

«Шагъдий» - «Автозапчасть»

Жэпуэгъуэм и 12

(тхьэмахуэ)

«Анзорей» - «Прохладнэ»

«Iэдиихуу» - «Кэнжэ»

«Бедик» - «Бахъсэн»

«Къэбэрдей» - «Велес»

Жэпуэгъуэм и 15

(бэрэжьей)

«Тэрч» - «Союз»

ТIощIрэебгъуанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 18

(щэбэт)

«Къэхъун» - «Къэбэрдей»

«Спартак-Д» - «Анзорей»

«Велес» – «Бедик»

«Автозапчасть» - «Iэдиихуу»

Жэпуэгъуэм и 19

(тхьэмахуэ)

«Союз» – «Шагъдий»

«Прохладнэ» - «Шэджэм-2»

«Бахъсэн» - «ЛогоВАЗ»

«Кэнжэ» - «Нарт»

Жэпуэгъуэм и 22

(бэрэжьей)

«Iэдиихуу» – «Тэрч»

ЕщэщIанэ джэгугъуэ

Жэпуэгъуэм и 25

(щэбэт)

«Анзорей» - «Кэнжэ»

«Бедик» - «ЛогоВАЗ»

«Шагъдий» – «Бахъсэн»

«Нарт» - «Автозапчасть»

Жэпуэгъуэм и 26

(тхьэмахуэ)

«Iэдиихуу» – «Союз»

«Шэджэм-2» - «Спартак-Д»

«Къэбэрдей» - «Прохладнэ»

«Велес» - «Къэхъун»

Жэпуэгъуэм и 29

(бэрэжьей)

«Тэрч» - «Велес»

Тхэквондо

Медаль лIэужьыгъуэ псори

Зи лъакъуэхэм сэкъат иIэхэм тхэквондомкIэ я Урысей чемпионат Пермь крайм хыхьэ Березники къалэм щекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ кьыхэхар. Ди щIалэхэм медаль лIэужьыгъуэ псори зыIэрагъэхьащ.

КИЛОГРАММ 61-рэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм хэта ди лъахэгъуэхэм япэ увыпIищри кьахьащ. Дыщэ медаль кьызыхуагъэфэща Алъэсчыр Аскэр дунейпсо чемпионатым кIуэнухэм яхэхуащ. ЕтIуанэ увыпIэр кьэзыхьа Щокъуий Ахьмэди апхуэдэ Iэмал игъуэтащ - ар дунейпсо чемпионатым хэтыныхэр убгъуауэ кьыщагъэлъэгъуа спискэм хэхуащ. Гъут Азэмэт жэз медалыр кьыIэрыхьащ.

Зигугъу тщIа спортсменхэр Урысейм и командэ кьыхэхам хэтщ. Абыхэм я егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэщ Ахъмэт Амиррэ ХьэкIагуэ Анзоррэ.

КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Астемыр.

Алыдж-урым бэнэкIэ

Удэзыхьэхыу щытащ

Тырныауз дэт «Геолог» узынщагъэр щрагъэфIакIуэ спорт комплексым махуищкIэ щекIуэкIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. СССР-м спортымкIэ и мастерхэу Байзуллаев Юсуфрэ Мирзоев Хъызыррэ я фэеплъ зи чэзу 21-нэ зэпеуэм зэхуиушэсат Урысейм и Ипщэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIналъэхэм я спортсмен 150-м щIигъу. Абыхэм яхэтащ а спорт лIэужьыгъэмкIэ зэфIэкI зиIэу кьалъытэ Дон Iус Ростов, Краснодар къалэхэм я лIыкIуэхэри. Зэхьэзэхуэм пщIэ лъагэ зэриIэр зыигъэнаIуэщ бэнакIуэ щIэрыIуэхэр, спортымкIэ дунейпсо классым, Урысейм спортымкIэ я мастерхэр утыку кьызэрихьар.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР кьыщызэIуахым спортсменхэм, зэпеуэм кIэлъыплъыну кьызэхуэсахэм фIэхъус псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ Iуащхьэмахуэ муниципальнэ район администрацэм и Iэтащхьэ **Малкаров Аслъэн**, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и къудамэм и унафэщI **Анаев Аслъэн**, Олимп чемпионхэу **Кьардэн Мурат, Хъущт Аслъэнбэч**, Эверест щыгум дэкIа **Ольмезов Абдул-Хьэлым** сымэ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зэхьэзэхуэм текIуэныгъэхэр щызыIэрагъэхьащ Лабзанов Рэхьим (Шэшэн), Чуналов Магомед, Юсупов Гамзат (Дагъыстэн), Каландие Ираклий, Симонян Сейран, Магамедов Ислъам (Дон Iус Ростов), Аладжев Вадим (Армавир), Головин Александр (Краснодар) сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр зэхьэзэхуэм щахъумащ бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм. Жылокъуэ Замир (кг 85-рэ) етIуанэ увыпIэр кьихьащ. Аргъэщокъуэ Рустамрэ (кг 59-рэ) Тен Андемыррэ (кг 98-рэ) ещанэ хъуащ.

Байзуллаев Юсуфрэ Мирзоев Хъызыррэ я Iыхьлыхэм кьабгъэдэкI саугъэтыр хуагъэфащащ спортсмен зыбжанэм, апхуэдэуи Iэхущ1апIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэм, хьэрычэтыщIэхэм.

Зэхьэзэхуэм и арбитр нэхъыщхьэ, дунейпсо категорие зиIэ судьи Трошев Владимир зэрыжиIамкIэ, Iуэхур и кьызэгъэпэщыкIэкIи, зэпеуэ и лъэныкъуэкIи кьызыхуэтынышу екIуэкIащ. Ар зэфIэкIышхуэ зиIэ бэнакIуэхэм я дежкIэ кьапэщыта зэхьэзэхуэхэм зэрыхуэхьэзырыр, я кьарур кьыщапщыта, спортсмен нэхъ щIалэхэм я Iэзагъэм щыхагъэхъуа Iуэхугъуэ зэрыхьуари кьыхихъэщащ.

УАРДЭ Женя.

● Бахъсэн щIналъэ

Дэрэжэгъуэкlэ гъэнщlат

Къэжэным и урысейпсо махуэу иджыблагъэ екIуэкIам жыдэжру хэтащ Бахъсэн районым щыпсэуэхэри.

РАЙОН администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, абы кьрихьэлIащ Кыщпэк, Бахъсэнёнкэ (Къэсейхьэблэ), Зеикъуэ, Исльэмей, ХьэтIохъущыкъуей, Куба, Къубэ-Тэбэ, Къулъкъужьи Ищхъэрэ, ПсыкIэху къуажэхэм ящыщ щIыху 200-м щIигъу. Я ныбжь елъытауэ ахэр гупи 10-у гуэшауэ щытащ.

Къэжэным и урысейпсо махуэм екIуэкIа «Лъэпкъ кросс-2014» спорт Iуэхугъуэм щызэпеуахэм япэу гъуэгу ираташ сабийхэм. Зэхьэзэхуэм хэта цIыкIухэм я нэхъыщIэ, илъэси 9 зи ныбжь кьыщпакэс Панжокъуэ Темырран финишым етIуанэу нэсащ. Зэпеуахэм яхэтащ абы и адэшхуэри, илъэс блыщIым щхьэдэха Хьэжбий. ТIуми медалхэр кьахьащ.

- ЦIыхубэ спортыр гъащIэ узынщэм и лъабжьэщ - кьыхигъэщащ район спорт IэнатIэм и унафэщI Гъузий Мухьэмэд. Зэхьэзэхуэм екъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьахэм щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр ираташ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр къыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и къудамэу Налшык къалэм щыIэм дзэм контракткIэ кьулыкъу щащIэн папщIэ япэкIэ дзэ кьулыкъур езыхьэкIауэ иджы запасым щыIэхэр кьыхэх.

Контракткlэ дзэ кьулыкъур щрахьэкIыну щIыпIэхэр: Шэшэн Республикэм щыщ Шали, Калиновскэ, Борзой, Хъанкъалэ жылагъуэхэр, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и щыхьэр Владикавказ къалэр, Ставрополь крайм хыхьэ Буденновск къалэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Сторожевая станицэр, Осетие Ипщэм и къалащхьэ Цхинвал.

Контракткlэ дзэ кьулыкъум хыхьэну хуейхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым Налшык къалэм щыIэ и къудамэм зыхуагъазэ мы хэщIапIэмкIэ: КъБР, Налшык къалэ, Уэлдэкырым и уэрам (Красноармейскэ уэраму щытар), 26, пэш №50. Телефоныр: 44-10-83.

Документхэр блыщхьэм, бэрэжьейм, мэремым Iах сыкьэти 9-м щегъэжьауэ 17-м нэсыху.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къэкlэмыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●